

**IMPLIKATUR KONVENSIONAL SIMBOLIK  
SAJRONE PAMEJANGAN KANTHI ISBAT  
TUMRAP WARGA PERGURUAN PAMULANGAN ILMU SEJATI ING KUTHA SURABAYA**

**Ah. Syahrul Rahmat**

S-1 Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
ahr@mhs.unesa.ac.id

**Drs. Sugeng Adipitoyo, M.Si**

Dhosen Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

**Abstrak**

Implikatur ing basa Jawa wis tau diteliti nanging sing asipat konvensional simbolik durung tau ana. Implikatur konvensional minangka implikatur sing wis gumathok lan dingerteni kanthi cara umum dening wong akeh, kerep diprangguli ing bebrayan Jawa, apa maneh sing sipate simbolik. Implikatur konvensional simbolik upamane sajrone pamejangan kanthi isbat tumrap warga Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati ing Kutha Surabaya. Implikatur kasebut didhapak saka wujud lan isi tuturan. Punjere panliten iki yaiku implikatur konvensional simbolik sing didhapak saka wujud lan isi tuturan.

Implikatur konvensional simbolik sajrone pamejangan kanthi isbat tumrap warga Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati ing Kutha Surabaya iki bisa didudut adhedhasar konteks carane mejang lan wujud wejanganane. Carane mejang gumantung karo apa sing diwejangake (isi) bisa diperang dadi sanga, yaiku (1) medhar, (2) mbeber, (3) ndunungake, (4) merdeni, (5) nulat, (6) nuladhani, (7) nyantrik, (8) mrentah, lan (9) nyritani. Wujud wejangan sing dianggo ing panliten iki yaiku awujud ukara isbat. Ukara isbat kasebut wujud nganggo basa sing lumrah, amarga saka basa lisan lan gumantung konteks panuture. Adhedhasar surasane wujud ukara isbate yaiku awujud (1) ukara pepindhan, (2) ukara pakon, lan (3) ukara crita. Dene wujud wejangan adhedhasar isine diperang dadi telu yaiku (1) sangkan parane dumadi, (2) dununge kawula-Gusti, lan (3) nglungguhi jagat gumelar.

**Tembung wigati:** Implikatur konvensional simbolik, pamejangan, isbat, wujud, lan isi.

**PURWAKA**

Bageyan purwaka iki diprinci dadi limang subbab, yaiku (1) landhesane panliten, (2) punjere panliten, (3) tujuwane panliten, (4) paedahe panliten, (5) watesane panliten, lan (6) panjlentrehe tetembungan. Luwih jangkepe ing ngisor iki.

**Landhesane Panliten**

Implikatur ing basa Jawa wis tau diteliti nanging panliten kasebut isih sethithik, apa maneh sing implikatur konvensional. Para pamarsudi basa Jawa durung ana sing kesengsem niti implikatur luwih jangkep. Teori implikatur dhewe ing Indonesia durung sepira ngrembaka, buktine isih sithik buku-buku sing ngandharake ngenani implikatur kasebut. Buku-buku pragmatik apadene semantik sing ngandharake implikatur uga mung kanthi cara umum, durung nganti tekan titikan lan pamerange sing luwih jangkep, upamane bukune Wijana (1996), Nadar (2009), lan Yule (2014).

Implikatur konvensional minangka implikatur sing wis gumathok lan dingerteni kanthi cara umum dening wong akeh, kerep diprangguli ing bebrayan Jawa. Upamane nalika ana bocah mangan njupuk lawuh iwak lele banjur bapake ngendikan “Awis iwake, akeh

kucing!” kanthi cara ora langsung tuturan kasebut mrentah supaya iwake ditutupi maneh utawa ngongkon ngati-ati ndelehe. Tuturan kasebut nggambarake implikatur konvensional. Kanthi cara ora langsung, mitra tuture wis ngerti menawa kucing seneng mangan iwak (daging). Maksud utawa karep sing kaya mangkono iki wis gumathok utawa ajeg, asipat konvensional.

Saben tindak tutur mesthi ngandhut implikatur (Yule, 2014:80), nanging ora mesthi jinise implikatur konvensional. Implikatur konvensional salah sijine tinemu sajrone tindak tutur paring wejangan. Tindak tutur paring wejangan –sabanjure sinebut pamejangan– klebu tindak tutur informatif, tujuwane kanggo mulangake sawenehe kawruh utawa ilmu mental spiritual. Salah sijine cara mejangake ilmu mental spiritual Jawa kasebut nggunakake isbat.

Tembung ‘isbat’ asale saka tembung Arab, tegese ibarat, mula isbat ngemu surasa pepindhan. Sing dipindhakake sajrone isbat yaiku ilmu hakikat (Padmosoekotjo, tt:107 ngarani ilmu gaib, ilmu kebatinan, ilmu kasampurnane pati). Isbat isine wejangan mawa pepindhan sing ngemot bab ilmu hakikat, upamane hakikate Pengeran, hakikate urip (sangkan paran), lan sapanungale.

Paring wejangan sing mawa isbat lumrahe ana ing paguyuban utawa pakumpulan wong-wong sing nyinaoni ilmu hakikat (dzate Pengeran lan dzate titah). Upamane ing Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati utawa paguyuban kejawen liyane. Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati punjere saka Desa Sukorejo Kecamatan Saradan Kabupaten Madiun, didegake dening RS Prawiro Soedarso tanggal 13 Oktober 1926. Ilmu Sejati sumber piwulange saka anggane negesi limang rukun Islam kanthi cara mistik lan maneka wernane tradhisi Jawa.

Warga Ilmu Sejati kurang luwih cacahé patang yutanan, saka golongan (agama, status ekonomi sosial, pangkat) apa wae lan sumebar ing kutha/kabupaten ing Jawa an Bali, kepara ana sing menyang pulo liya (Direktorat Kepercayaan terhadap Tuhan Yang Maha Esa, 2006:544-545). Gedhung Pamulangan Ilmu Sejati dhewe nganti seprene wis ana ing dhaerah mligine ing kutha-kutha gedhe kayadene Kutha Surabaya. Gedhung Pamulangan Ilmu Sejati cabang Surabaya manggon ing dalan Pagesangan lan dalan Pucang Anom.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, mula topik panliten iki yaiku implikatur konvensional simbolik sajrone pamejangan kanthi isbat. Dununge panliten iki tumrap warga Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati. Dene papane panliten iki ing Kutha Surabaya. Mula yen disawijikake panliten iki diandharake lan dijlentrehake ngenani implikatur konvensional simbolik sajrone pamejangan kanthi isbat tumrap warga Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati ing Kutha Surabaya.

### **Punjer lan Undere Panliten**

Adhedhasar lelandhesane panliten ing ndhuwur, sing dadi punjere panliten iki yaiku implikatur konvensional simbolik. Implikatur konvensional simbolik bisa diperang dadi loro yaiku wujud lan isi, laras karo gambarane Grice ngenani implikatur (sajrone Horn lan Ward, 2006:4). Kanthi dhasar iku, mula undere panliten iku yaiku wujud lan isine implikatur konvensional simbolik sajrone pamejangan kanthi isbat tumrap warga Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati ing Kutha Surabaya.

### **Tujuwane Panliten**

Adhedhasar punjere panliten ing ndhuwur, tujuwane panliten iki yaiku kanggo ngandharake lan njlentrehake implikatur konvensional simbolik. Dene adhedhasar undere panliten, tujuwane panliten iki yaiku kanggo ngandharake lan njlentrehake wujud lan isine implikatur konvensional simbolik sajrone pamejangan kanthi isbat tumrap warga Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati ing Kutha Surabaya.

### **Paedahe Panliten**

Asile panliten iki awujud jlentrehan ngenani wujud lan isine implikatur konvensional simbolik sajrone pamejangan kanthi isbat tumrap warga Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati ing Kutha Surabaya. Saka asil panliten iku bisa menehi paedah teoretis lan praktis. Paedah teoretise asil panliten iki yaiku bisa ngrembakakake ilmu basa Jawa mligine bidhang pragmatik lan semantik sing wis ana sadurunge. Ing bidhang pragmatik kanggo ngrembakakake teori ngenani implikatur lan tindak tutur, dene ing bidhang semantik kanggo ngrembakake teori ngenani teges utawa makna. Dene paedah praktise asil panliten iki nduweni yaiku bisa dadi salah sijine materi kanggo nyinaoni basa mligine bidhang pragmatik ing perguruan tinggi. Dene paedah tumrap warga Perguruan Ilmu Sejati dhewe bisa dadi dhokumentasi tulis sing arang ditindakake.

### **Watesane Panliten**

Panliten iki perlu ana wewatesane supaya andharan lan jlentrehane dhata panliten iki ora nyimpang saka punjere panliten sing wis ditemtokake sadurunge. Dene watesane panliten iki ana telu, yaiku mung ngandharake implikatur konvensional simbolik sajrone pamejangan kanthi isbat tumrap warga Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati ing Kutha Surabaya, dhata panliten iki awujud tuturan lisan (pamejangan) wiwit sasi Januari nganti Juni 2016, lan dhata sing wis nglumpuk dijlentrehake nggunakake teori pragmatik mligine ngenani implikatur konvensional simbolik.

### **Panjlentrehhe Tetembungan**

Tetembungan sing dianggo ing panliten iki ana lima, yaiku (1) implikatur konvensional simbolik, (2) pamejangan, (3) isbat, (4) wujud implikatur konvensional simbolik, lan (5) isine implikatur konvensional simbolik. Andharan jangkepe ing ngisor iki.

- 1) Implikatur Konvensional simbolik. Implikatur konvensional yaiku maksud sing asipat konvensional utawa wis gumathok lan dingerteni kanthi cara umum dening wong akeh. Asipat konvensional amarga mitra tuture ngerti apa sing diakarepake sajrone tindak tutur iku. Dene asipat simbolik amarga kabeh lelewane basa Jawa sing ngandhut teges entar mesthi asipat simbolik, merga ngemu samubarang utawa perkara sing dipindhakake.
- 2) Pamejangan. Pamejangan yaiku mulang sawenehe kawruh utawa ilmu mental spiritual. Miturut basastra Jawa, tembung wejang tegese wulangan perkara ngelmu gaib (Sudaryanto, 2001:1090). Pamejangan kelbu salah sijine jinise tindak tutur

sing asipat informatif. Pamejangan sajrone pakumpulan utawa padhepokan umume ditindakake dening guru utawa wakil guru sing mulangake ilmu hakikat marang muride.

- 3) Isbat. Isbat miturut Padmosoekotjo, (tt [b]:107) yaiku salah sijine ngelmu tuwa kang isine ngemot bab kasampurnan. Isbat minangka salah sijine lelewane basa sing ngandhut teges entar. Isbat padha karo saloka nanging isine ngenani ngelmu-ngelmu tuwa, yaiku ngelmu kasampurnane pati. Isbat minangka ilmu hakikat.
- 4) Wujude implikatur konvensional simbolik. Wujude implikatur didhapuk saka wujud struktur gramatikale tuturan (delengen Horn lan Ward, 2006:4). Struktur gramatikal sing ndhapuk tuturan kasebut wujude yaiku tembung, frasa, lan ukara. Saka wujud sing ndhapuk tuturan kasebut bisa didudut implikatur sing kinandhut, mligine sing asipat konvensional simbolik, awit tuturan kasebut awujud pepindhan.
- 5) Isine implikatur konvensional simbolik. Isine implikatur bisa didudut saka apa sing dikarepake dening panutur (delengen Horn lan Ward, 2006:4). Sipat konvensional simbolike implikatur kasebut nuduhake antarane panutur lan mitra tutur padha-padha ngerteni apa sing dikarepake senajan kanthi cara dipindhakake.

#### TATA CARANE PANLITEN

Panliten iki kalebu jinis panliten etnografi, mligine etnografi tutur. Etnografi tutur njlentrehake tindak tutur sajrone tuturan kang kaiket konteks (*latar sosial*) sing sistematis. Andharan kasebut laras karo andharane Fitch & Philipsen (sajrone Titscher, 2009:150) lan Ibrahim (1993:205) menawa metodhe etnografi tutur uga nggambarake panguripan sosial bebrayan tutur tartamtu. Titscher lkk (2009:156) ngandharake menawa punjere metodhe iki yaiku jlentrehane konteks. Metodhe etnografi nduweni sipat sing mligi. Sipat mligi kasebut munjerake nalika ngumpulake dhata, nuduhake anane sesambungan antarane pangumpulan dhata lan jlentrehane, jlentrehane didhasarake pitakon ngenani apa sing dijlentrehake, lan anane konteks (Titscher lkk, 2009:152-153).

Dhata panliten iki yaiku pamejangan kanthi isbat. Dununge panliten iki tumrap warga Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati. Dene papane panliten iki ing Kutha Surabaya. Dhata kasebut diklumpukake kanthi cara wawancara lan observasi. Dhata sing wis diklumpukake sajrone panliten iki banjur dijlentrehake nggunakake metodhe kategoris lan dheskriptif. Metodhe kategoris yaiku njlentrehake dhata adhedhasar peranganane. Metode dheskriptif yaiku njlentrehake dhata awujud

andharan lan gegambaran adhedhasar hakikate dhata iku dhewe (laras karo panemune Djajasudarma, 2010:16). Sawise iku banjur didheskripsikake utawa dijlentrehake wujud implikasi utawa maksud tuturan lan isi sing mawa isbate. Dene metodhe dhibusional yaiku metodhe analisis sing piranti panamtune ana lan mujudake perangan basa sing ditliti.

Sawise diklumpukake lan dijlentrehake, dhata kasebut banjur disuguhake awujud jlentrehane asil panliten. Tata cara nyuguhake asile njlentrehane dhata yaiku kanthi cara informal. Cara informal yaiku menehake jlentrehane dhata kanthi nggunakake tembung-tembung sing lumrah (*a natural language*), dudu awujud tandha, rumus, cekakan, lan wacanaan.

#### JLENTREHAN DHATA LAN DHISKUSI ASILE PANLITEN

Bageyan iki diprinci dadi telu, yaiku (1) andharan lan jlentrehane paniten, (2) asile panliten, lan (3) dhiskusi asil panliten.

#### Andharan lan Jlentrehane Panliten

Subbab andharan lan jlentrehane dhata iki diprinci dadi telu, yaiku ngenani carane mejang, wujud lan isi wejangan, lan implikatur sing kinandhut sajrone wejangan kasebut. Mejang yaiku carane wakil guru mulang, wejangan yaiku wujud lan isine piwulang sing diwejangake, lan implikatur ing kene yaiku implikatur konvensional simbolik sing didudut adhedhasar konteks mejang lan wejangan. Luwih jangkepe mangkene.

#### 1. Carane Mejang ing Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati Kutha Surabaya

Implikatur konvensional simbolik sajrone pamejangan kanthi isbat tumrap warga Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati ing Kutha Surabaya bisa diweruhi kanthi cara ngerteni carane mejang. Carane mejang ing kene digunakake dening panutur gumantung karo apa sing diwejangake (isi tuturan) marang warga perguruan. Carane mejang iki uga digunakake minangka konteks dening panliti amarga beda-bedane cara sing digunakake gumantung apa sing bakal diwejangake.

Kegiatan pamejangane dhewe bisa diprinci dadi loro yaiku pamejangan klasikal lan pamejangan individu. Miturut salah siji informan, Aristanto, pamejangan klasikal ing gedhung pamulangan Pucang Anom umume mung sepisan saben sasi, yaiku ing dina minggu kang sepisan. Dene miturut informan liyane, Tarni, ing gedhung pamulangan Pagesangan wulangane nalika malem kemis saben minggu. Pamejangan klasikal iki tujuwane kanggo negesake apalan ngenani sahadat, tarikh, lan dunungan supaya tetep laras karo paugeran sakawit, ora owah. Saliyane iku uga kanggo



njlentrehake isen-isene telung bab iku lan 18 pasal sing dadi dhasar ing Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati. Pamejangan iki ditindakake dening wakil guru.

Pamejangan individu dileksanakake sawayah-wayah. Upamane ana murid sing kepengin dijlentrehake ing bab tartamtu, takon sawijine bab utawa merdeni kedadeyan, lan sapiturute. Saliyane iku pamejangan individu iki uga dileksanani nalika ana wong sing kepengin diwirid dening wakil guru. Sawise diwirid kanthi nirokake sahadat paseksen banjur diwenehi wejangan ringkes wedharan ngenani sahadat sing diucapake mau. Pamejangan sing kaya mangkene bisa sawayah-wayah. Upamane wong sing kepengin diwirid, wakil guru kudu mirid wektu iku uga, ora kena diundur, amarga wong iku dianggep oleh wahyu sejati.

Saliyane pamejangan klasikal lan individu iku uga kerep dileksanakake dhiskusi antarane wakil karo wakil, wakil karo murid, lan murid karo murid. Dhiskusi iki upamane murid anyar karo murid lawas kanggo ngapalake dunungan. Ing kono saliyané murid anyar mau diwulang ngapalake dunungan uga diwenehi jlentrehan ringkes ngenani isi dunungan sing diapalake karo sing mulang. Dhiskusi liyané upamane murid 'senior' (senior neng kene tegese ora merga suwene nanging kawruh lan pengalamane) rembugan karo murid liyané ngenani pecahane dunungan, ngenani kedadeyan tartamtu, lan sapiturute.

Kegiatan pamejangane dhewe yaiku sawise diwejang langsung, banjur diprenthake nggoleki utawa mecah dhewe. Sing diwejangake ing gedhung pamulangan mung pokok utawa dhasar wulangan ing Ilmu Sejati wae. Sawise iku banjur dipecah dhewe ing bebrayan saben dinane. Menawa ana kedadeyan sing angel diwerdeni bisa didhiskusekake karo warga liyané utawa takon langsung menyang wakil guru.

Ilmu Sejati miturut Supono, salah sijine wakil guru ing gedhung pamulangan Pucang Anom, yaiku minangka ngelmu dudu agama. Ngelmu sing diwulang asipat wadi lan kudu dilakoni kanthi laku, tegese kabeh wulangane diwejangake kanthi cara lisan, ora nganggo tulis lan ora kena ditulis, direkam nganggo piranti rakam, lan sapiturute. Warga Ilmu Sejati kudu apal sahadat, tarikh, lan dunungan. Kabeh iku kudu diapalake lan diwulangake kanthi cara lisan, saka ati menyang ati.

Adhedhasar dhata panliten lan asil wawancara karo informan sing minangka murid lan wakil guru iku bisa diweruhi carane mejang (tindak tutur mejang) yaiku medhar, mbeber, ndunungake, merdeni, nulat, nuladhani, nyantrik, mrentah, lan nyritani. Dene medhia sing dienggo yaiku gambar. Gambar ing kene wujud kaya bagan sing isine ngenani dunungan.

## 2. Wujud Wejangan tumrap Warga Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati ing Kutha Surabaya

Wejangan sing awujud tuturan mawa isbat tumrap warga Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati kasebut dituturake awujud wacana. Wacana-wacana iku menawa diudhal karakit saka sawenehe ukara. Sing dadi punjer ing panliten iki yaiku wejangan sing mana isbat, mula sajrone wacana kasebut mung dijupuk ukara isbate. Wujud ukara isbat kasebut diandharake adhedhasar kontruksi linguistike (struktur gramatikal). Sajrone panliten iki diprinci dadi loro yaiku adhedhasar rakitan ukara lan adhedhasar surasane ukarane.

Adhedhasar rakitan ukara wejangan, wujud yaiku ukara isbat. Ukara isbat kasebut kalebu lelewane basa sing ngandhut teges entar. Teges entar yaiku teges sing ora satemene, isine mindhakake samubarang utawa perkara tartamtu. Wujud ukara isbat, mula sing dipindhakake yaiku ilmu hakikat. Rakitan ukara isbat kasebut diperang dadi loro adhedhasar rakitan ukarane yaiku nganggo tembung entar lan nganggo pangiket pepindhan (lir, kadi, kadya, pindha, kaya, lan lir pendah).

Adhedhasar surasane ukarane bisa digolongake dadi telu yaiku ukara pepindhan, ukara pakon, lan ukara carita. Ukara pepindhan yaiku ukara kang ngibaratake samubarang utawa perkara tartamtu. Sawenehe ahli paramasastra ana sing ngarani ukara upama (delengen Antunshono, 1960:133 lan Subagyo, 2009:167). Ukara pakon yaiku ukara prentah, isine ngongkon nindakake pakaryan tartamtu. Dene ukara carita yaiku ukara sing isine bisa nambah pangerten lan wawasan tumrap mitra tutur utawa pamaca.

### a. Wujud Adhedhasar Rakitan Ukara

Wujud adhedhasar rakitan ukara diperang dadi loro yaiku nganggo tembung entar lan nganggo pangiket. Andharan lan jlentrehane kaya mangkene.

#### 1) Tembung entar

Tembung entar yaiku tembung sing nggambarake teges liya, ora kene ditegesi mung sawantahe. Tembung entar ing kene dadi salah sijine rakitan ing ukara isbat sajrone panliten iki. Carane ndhapuk ukarane yaiku kanthi nyilih tembung liya sing wantahe beda karo tegese kang baku. Nyilih tembung liya kanggo medharake surasa sing beda karo tegese unen-unen sakawit, saengga tegese dadi teges liya lan medharake gagasan beda sing utuh. Asile yaiku rakitan anyar sing nggambarake teges anyar.

Wejangan sing diwedhar dening wakil guru ing Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati kasebut ing antarane ukara isbate ana sing nganggo tembung utawa ukara entar. Rakitan tembung entar iku ndhapuk teges liya

kanggo mindhakake sawijine bab hakikat. Upamane dhata ing ngisor iki.

(1) Geni murub ing samodra. (I/15)

Tuturan sing awujud ukara entar ing dhata (1) iku menawa ditegesi wantah, mokal menawa geni bisa murub ing samodra. Geni lan banyu ora bisa nyawiji. Banyu bisa mateni geni lan banyu uga bisa disatake nganggo geni. Geni sepira wae menawa diclup ing samodra mesthi wae mati. Geni ing kene minangka pralambange napsu sing muntab lan segara minangka lambange kasabaran. Geni murub ing samodra ditegesi sepira muntabe napsu, menawa diadhepi kanthi sabar ora bakal muntab lan tansah ayem tentrem.

## **2) Pangiket**

Pangiket sing surasane ngemu teges entare ana nem, yaiku: lir, kadi, kadya, pindhha, kaya, lan lir pendah. Nanging sajrone tindak tutur apa maneh ing jaman seprene ora kabeh kerep dianggo. Umume mung wong tuwa utawa wong ing desa wae sing ana kalane nganggo tembung iku nalika cecaturan. Sing kerep dienggo nganti seprene klebu sing dienggo informan sajrone panliten iki yaiku tembung 'kaya' lan 'kayadene'.

### **a) Pangiket 'kaya'**

Pangiket 'kaya' kerep dianggo sajrone cecaturan, klebu nalika mindhakake samubarang utawa perkara tartamtu sajrone tindak tutur mejang ing panliten iki. Pangiket iki ngemu surasa madhakake sawijne barang utawa perkara karo perkara utawa samubarang liya sing sadrajad, senajan dhapakane nganggo tembung entar. Upamane dhata pamejangan ing ngisor iki.

(2) Kaya bumi nampa tibane banyu udan. (I/2)

Tuturan ing ndhuwur mindhakake lakune wong nrima. Nrima ing kene salah sijine wahyu sing diyakini warga Ilmu Sejati. Wong sing nriman digambarake kaya bumi nampa tibane banyu udan. Udan sing tumurun ing bumi ora rata kuantitas lan kuwalitase. Nanging sepira wae banyu sing ditampa mesthi ditrima. Wong sing gelem nampa iku dipindhakake kaya bumi. Mula wong sing kadunungan wahyu iku uripe tansah sukur lan ora ngangsa-angsa.

### **b) Pangiket 'kayadene'**

Saliyane pangiket 'kaya', sing kerep dienggo sajrone cetaturan klebu sajrone pamejangan ing dhata panliten iki yaiku pangiket 'kayadene'. Padha karo pangiket pepindhan liyane, pangiket iki kanggo ngupamakake samubarang utawa perkara karo samubarang utawa perkara liyane. Upamane kaya dhata ing ngisor iki sing andharan lan jlentrehane mangkene.

(3) Kayadene mbukak kran. (II/1)

Pangiket 'kayadene' ing dhata (3) iku nggambarake sawijine wahyu sing sipate wadi lan ora kena diwedharake marang wong liya. Upamane nalika salat utawa nalika nindakake pakaryan banjur ana swara utawa perkara sing menei kabar ngenani rejeki, pati, kacilakan, utawa liyane sing bakal ngenani kancane. Sing nampa wahyu ora kena mbukak wadi iku menyang kancane kejaba kancane iku njaluk tulung marang dheweke. Dheweke nulung iku kayadene wong mbukak kran, tegese merga wis ngerti bisa langsung medharake utawa mbeberake.

## **b. Wujud Adhedhasar Surasane Ukara**

Wujude ukara sing dienggo sajrone pawejangan kanthi isbat adhedhasar surasane bisa digolongake dadi telu yaiku ukara pepindhan, ukara pakon, lan ukara carita. Andharan lan jlentrehane mangkene.

### **1) Ukara Pepindhan**

Pawejangan ing Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati sing isine nganggo ukara pepindhan umume nganggo pangiket pepindhan utawa rakitane nganggo tembung entar. Wujud ukara pepindhan iki wis dijlentrehake ing ndhuwur. Ukara pepindhan iki isine ngibaratake samubarang utawa perkara tartamtu. Amarga wujude ukara isbat, mula sing diibaratake yaiku ilmu hakikat.

Tindak tutur mejang wujude yaiku wacana sing rakitane saka maneka ukara. Sing dadi dhata ing panliten iki yaiku ukara pepindhan. Ukara pepindhan ing kono saka tuturan lisan. Wujude mesthi wae beda karo ukara pepindhan tulis (sastra tulis). Basa lisan luwih lugu lan luwih gampang dingerteni, senajan wujude pepindhan. Saliyane iku panganggone basane uga gumantung sapa panuture, sepira anggone ngerteni basa Jawa, lan kepiye urip saben dinane. Laras karo panliten pragmatik sing gumantung konteks tuturan.

### **2) Ukara Pakon**

Ukara pakon yaiku ukara sing mrentah nindakake sawijine pakaryan. Pamejangan mawa isbat sing wujud ukarane nganggo ukara pakon umume diwedharake sawise dijlentrehake ngenani piwulang tartamtu. Upamane sawise diandharake lan dijlentrehake ngenani dunungan banjur dikongkon mecah lan ngoleki utawa nglakoni pecahane iku. Ukara pakon ing kene uga awujud pamenging. Tuladhane mangkene.

(4) Nggoleka watese samodra. (I/6)

(5) Mlakua ing selane garu. (II/2)

(6) Nggoleka beninge padhang. (III/14)

(7) Nggoleka bekase kuntul mabur. (IV/11)

Dhata (4), (5), (6), lan (7) ing ndhuwur kalebu ukara pakon. Titikane yaiku anane panambang/-a/ ing

saben ukarane. Panambang /-a/ menawa bareng karo ater-ater anuswara miturut paraasastra Jawa ngemu surasa prentah, rimbage aran agnya tanduk kriyawantah (delengen Padmosoekotja, 1987:85). Upamane ing ukara-ukara iki.

### 3) Ukara Carita

Ukara carita ing kene tujuwane mung saderma menahi kawruh supaya mitra tuture ngerti. Wejangan akeh sing nganggo wedharan lan beberan nalika mejang, mula akeh banget ditemokake ukara isbat sing wujud ukara pakon. Tuladhane mangkene.

(8) Curiga manjing warangka. (I/1)

Dhata tuturan (32) ing ndhuwur klebu ukara crita. Ukara iku kanggo menahi kawruh marang mitra tutur. Sing diisbatake yaiku dununge jiwa lan raga. Murid sing weruh dununge jiwa lan raga iku tujuwane supaya dheweke bisa ngerteni dirine dhewe. Kanthi ngerteni iku bisa ngerteni dununge liyane sing ana sajrone jiwa lan raga iku dhewe.

### 3. Isine Wejangan tumrap Warga Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati ing Kutha Surabaya

Pamejangan ing Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati ing endi wae nduweni tujuwan sing padha amarga dhasar wulangane padha. Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati tansah ngupaya supaya wulangane sing dingerteni dening muride tetep laras karo dhasar tuntunan saka guru Raden Soejono Prawirosoedarso ing Caruban Mediu. Dhasar isi sing diwulangake tetep padha yaiku ngenani telung piwulang dhasar: sahadat, tarikh, lan dunungan.

#### a. Sangkan Parane Dumadi

Sangkan parane dumadi isine nggambarake ngenani mula bukane kedadeyan, nalika wis mawujud, lan parane balik. Kanthi ngerteni hakikate sangkan paran, manungsa urip bisa nata uripe sing asale saka kasampurnan supaya bisa bali menyang kasampurnan uga. Sangkan parane dumadi ing kene diperang dadi telu adhedhasar isine wejangan yaiku sangkan paran, sukma, raga, lan napsu. Andharan lan jlentrehane mangkene.

#### 1) Sangkan Paran

Sangkan paran ndunungake asal kedadeyane manungsa, nalika wis dumadi, lan tujuwan sawise urip. Kawruh sangkan paran sajrone pamejangan ing Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati isine kudu dingerteni dening para murid. Saka kawruh sangkan paran mau, para murid bisa weruh sapa sejatine dheweke lan bisa dipecah dadi pirang-pirang dunungan. Sahadat lan tarikh ing Ilmu Sejati isine ngenani sangkan paran. Banjur sangkan paran sing awujud sahadat lan tarikh mau dipecah dadi pirang-pirang perangan ing dunungan.

Luwih jangkepe kaya dhata-dhata asil panliten ing ngisor iki.

(9) Sangkan, lungguh, lan parananing dumadi. (II/7)

Dhata pamejangan awujud ukara isbat iku mbeber lan ndunungake sangkane dumadi, lungguhe dumadi, lan parane dumadi. Dhata iku mindhakake telung piwulang sing dadi punjer ing Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati yaiku sahadat, tarikh, lan dunungan. Solikin, informan katelu, mbeberake uripe manungsa sing nggawa cahya asale saka pepadhang. Sejatine manungsa yaiku nyawijine jiwa lan raga, dene manungsa sing sejati yaiku sukmane manungsa. Ragane manungsa asale saka patang unsur alam. Aluse patang unsur iku aran sukma.

#### 2) Sukma

Pamawas ngenani sukma ing Perguruan pamulangan Ilmu Sejati yaiku pepadhang sing dadi ruhe manungsa urip. Sukma asale saka padhang lan bakal bali menyang padhang, sampurna ing alam kalanggengan. Anane sukma iki njalari uripe manungsa dadi bening, tegese kabeh anggota badan wadage urip lan bisa nindakake pakaryan adhedhasar kalungguhane dhewe-dhewe. Sukma yaiku jiwane manungsa. Manunggalé jiwa lan raga nama 'aku', mula anane jiwa lan raga nalika manungsa urip ora bisa dipantha dhewe-dhewe. Upamane tuturane informan ing ngisor iki.

(10) Curiga manjing warangka. (I/1)

(10 a) Kaya keris mlebu wadhaha. (III/20)

(10 b) Warangka manjing curiga.

Curiga ing dhata (10) minangka pepindhane sukma, dene ragane dipindhakake kayadene warangka. Informan liyane uga nyethakake ing (10 a) nganggo basa biasa, keris melbu wadhaha, tegese padha. Gaman sing luwih penting yaiku curigane utawa wilahan kerise, dene warangkane mung minangka wadhah. Semono uga manungsa, raga iki mung minangka embane sukma, nanging kekarone wis manjing, melbu, saengga nyawiji. Ana uga sing mawas kayadene tuturan ing dhata (10 b) ing ndhuwur. Manungsa sing durung bisa ngerteni awake dhewe, dheweke mung ngurusi ragane, tegese kelu marang dayane napsu, nuruti gebyare donya. Manungsa sing kaya mangkono isih durung bisa nyingkap aling-aling sing awujud ragane dhewe. Dheweke nganggep menawa ragane manungsa luwih penting tinimbang apa sing ana sajrone raga iku dhewe.

#### 3) Raga

Ragane manungsa gegambarane kaya wadhah utawa emban. Raga mung minangka saranane manusa urip ing alam donya. Ragane manungsa dirani badan wadag (delengen Padmosoekotja, 1956:34 lan Wirjoatmojo, 1979:11), wujudé yaiku unsur materi, dzat



kasar, asale saka patang unsur alam; bumi, geni, banyu, lan angin. Beberan lan dunungan sajrone pawejangan ing Ilmu Sejati ngenani raga dhata ing ngisor iki.

(11) Kaya ora ngerti omahe dhewe. (III/11)

(12) Kaya pluru ora ana tembake. (IV/31)

Tuturan awujud ukara isbat sajrone dhata (11) lan (12) ing ndhuwur mbeberake dununge ragane manungsa. Manungsa kudu ngerti omahe dhewe, yaiku ragane. Sukma tanpa raga ora bisa urip ing donya amarga ora ana wadhaha, kaya pluru ora ana tembake, lan suwalike. Ngerteni omahe yaiku ngerteni asal kedadeyane raga, perangkat pamangune raga, lan parane raga sawise dadi jisim.

#### 4) Napsu

Manungsa urip kekanthen napsu papat, yaiku amarah, aluwamah, supiyah, lan mutmainah. Patang napsu iki ndayani karsane manungsa, mula manungsa bisa urip. Napsu iki bisa njalari tumindak apik lan tumindak ala. Mula manungsa kudu bisa ngendhaleni napsune. Napsu ora kudu dimungsuhi utawa diilangake, nanging kudu ditundhukake.

Miturut piwulang Ilmu Sejati, napsu manggon ing anggota badane manungsa dene plawangane ing panca indra. Napsu aluwamah dumadi saka anasir bumi manggon ing daging, pusate ing thuthuk. Anane napsu iki bisa mahanani manungsa nduweni rasa luwe, ngantuk, ngelak, lan sapanunggale (butuhe wadhuk). Napsu amarah dumadi saka anasir geni manggon ing getih, punjere ing kuping lan mahanani manungsa nduweni karep, *emosi*, sereng, lan sapiturute. Napsu supiyah dumadi saka anasir angin manggon ing sungsum lan punjere ing mripat, mahanani manungsa kepingin, kasmaran, sengsem, lan sapiturute. Dene napsu mutmainah dumadi saka anasir swasana utawa hawa, manggon ing jantung, punjere ing irung, mahanani rasa bekti, welas, loma, lan sapiturute.

Gambarane napsu papat sing wis bisa dikendhaleni dipindhakake dening Tarni, informan kapisan kaya tuturan ing ngisor iki.

(13) Kaya nyancang macan luwe. (I/3)

Dhata (13) ing ndhuwur nggambarake napsu aluwamah sing wis bisa dikendhaleni. Napsu aluwamah punjere ana thuthuk lan mahanani rasa luwe, ngelak, ngantuk, lan sapiturute. Menawa diumbar kanthi nuruti pepenginan iku, manungsa uripe bakal ngangsa-angsa nuruti pepenginan sandhang, pangan, lan papan sing luwih. Menawa bisa dikendhaleni, mung sabutuhe utawa salumrahe wae, uripe manungsa bakal tentrem lan bisa kadunungan wahyu sabar lan nriman.

#### b. Kawula-Gusti

Kawula-Gusti ig kene sesambungan karo sejatine kawula lan sejatine Gusti. Ing kene diperang dadi telu yaiku dununge kawula-Gusti, kuwasane Kawula-Gusti, lan tapa brata. Dunung lan kuwasane ing kene sesambungan karo kahanane manungsa lan Gusti, sawise ngerti iku manungsa kudu kaya apa. Dene tapa brata ing kene tegese lelakon utawa cara supaya bisa manunggal lan gambuh antarane kawula lan Gustine. Andharan lan jlentrehan luwih jangkepe mangkene.

##### 1) Dununge Kawula-Gusti

Dununge kawula-Gusti yaiku papan kalungguhane kawula sangarsane Gusti lan kalungguhane Gusti tumrap kawula. Wejangan ing perangan iki akeh-akehe yaiku kanthi cara dunungan lan wedharan. Wong Jawa menehi nama kanggo Dzat Sing Maha Amurba Wasesa kanthi nama Gusti, Pengeran, utawa Allah (tumrape wong Islam/Kristen Jawa). Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati uga mawas kanthi nama Pengeran, Gusti, lan Allah. Nama 'Allah' dienggo ing Ilmu Sejati amarga sumber piwulang Ilmu Sejati saka agama Islam, Kristen, lan Budha (delengen Geertz (1989:461-462) lan Santosa (2012:161-162)). Ilmu Sejati ngandharake menawa anane Pengeran mung siji nanging dumunung ing saben kawulane. Upamane tuturan mawa isbat ing ngisor iki.

(14) Cedhak tanpa senggolan, adoh tanpa wangenan. (III/3)

(15) Kaya adohe kuping. (IV/3)

Manungsa ora bisa ngeleng meruhi Pengeran kanthi langsung amarga anane aling-aling saka manungsane iku dhewe. Dununge Pengeran ana ing saben awake manungsa lan cedhak banget, saking cedhake nganti ora bisa meruhi, kaya ing tuturan (14) ing nduwur. Pengeran wujud tan kena kinaya ngawa lan panggone ana ing saben manungsa. Digambarake cedhak tanpa senggolan lan adohe tanpa wangenan. Dununge Pengeran ing dhata (15) dipindhakake kaya dununge kuping tumrap manungsa. Manungsa bisa ngrasakake anane kuping nanging ora bisa ndeleng wujud. Pengeran iku maujud, manungsa ora kudu meruhi wujud, nanging kudu ngerteni. Kayadene angin sing bisa dirasakake lan dingerteni anane nanging ora bisa dideleng wujud. Miturut Tarni, salah sijine informan ing panliten iki, dununge Pengeran ing manungsa bisa dingerteni mung kanthi cara baguse atine manungsa iku dhewe, mula diarani Gusti, baguse ati. Manungsa sing bagus atine bakal dibukake aling-aling sing ana ing dirine saengga bisa ndeleng Pengeran kanthi cara batine.

## 2) Kuwasane Kawula-Gusti

Kuwasane Pengeran sesambungan karo sipat, asma, lan afngale Pengeran. Manungsa minangka kawulane kudu ngerteni supaya manungsa ora nduweni sipat sing linuwih. Sing nyandhang kabeh sipat linuwih iku Pengeran. Upamane kuwasane Pengeran awujud sipat Maha Gedhe. Manungsa kudu ngerti sepira gedhene Pengeran. Nalika nandhang pacoban upamane, manungsa sing wis bisangerteni mau bakal yakin menawa sepira gedhene pacoban iku isih ana Dzat sing Maha Gedhe sing bisa mrantasi masalah. Manungsa sing ngerteni Gedhene Pengeran mau uga ora bakal nduweni rasa gumedhe. Carane ngerteni upamane nandhingake kuwasane dhewe karo kuwasane Pengeran. Manungsa bisa nyipta gedhung sing gedhe dhuwur, nanging garo gedhe lan dhuwure langit gedhung mau ora ana saspapane, apa maneh karo gedhene sing nyiptakake langit.

Pamejangan awujud ukara isbat ing Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati sing isine ngibaratake kuwasane Pengeran kaya sing dituturake informan ing ngisor iki.

(16) Apa jare sing ngecet lombok. (II/4)

(17) Sing nggawe birune langit. (II/5)

(18) Ndhuwure langit ana langit. (IV/23)

Dhata (16) lan (17) ing nduwur nggambarake kuwasane Pengeran. Sing ngecet lombok tegese sing nggawe wernane lombok saka ijo dadi abang. Iku nuduhake kuwasane Pengeran, kalebu sing nggawe birune langit. Senajan ing jaman sing modern iki, wernane lombok dadi abang lan wernane langit sing biru bisa dijlentrehake kathi cara ilmiah, nanging tetep, lombok urip amarga daya urip saka Pengeran. Klebu daya sing ana ing srengenge saengga bisa nyorotake cahyane tekan bumi. Semono uga dhata (18), sepira gedhene rekadayne manungsa, nanging tetep sandhuwure langit isih ana langit. Pengeran Maha Kuwasa, Maha Amisesa jagat raya saisine.

## 3) Nuju Gambuhe Kawula-Gusti

Gambuhe kawula-Gusti bisa liwat sawijine tapa brata. Tapa brata ing kene kanggo nggambarake ngeningake cipta, salat, semedi, medhitasi, lan sapadhane. Manunggale kawula-Gusti bisa digayuh kanthi cara tapa brata kanggo nggayuh ening lan suwung. Tapa sajrone Ilmu Sejati ana patang tingkatan. Patang tingkatan iku yaiku gambaran isih menung-menung, padhang, gumebyar, lan bening. Carane nggayuh papat iku diarani salat. Salate Ilmu Sejati yaiku kanthi cara ngerteni mlebu metune napas lan sumebare napas ing awak sinambi mungelake asmane Pengeran Kang Maha Nguripi. Wong sing bisa eling, tegese madhep manteb salat bakal nemu bening utawa ening, saiku kahanan suwung, kahanan sing sejati tanpa tedheng aling-aling.

Gegambarane wong salat (tetapa) sajrone Ilmu Sejati kaya dhata ing ngisor iki.

(19) Ngudheg banyu butheg nganti bening. (III/6)

(20) Waliken walike ayang-ayang. (III/13)

Wong salat sajrone Ilmu Sejati dipadhakake ngudheg banyu butheg nganti bening. Buthege banyu ing dhata (19) iku tegese badan alus lan kasare manungsa sing nyawiji. Carane salat sejati yaiku ngatur melbu metune napas bareng nyebut asmane Pengeran. Sing mlaku dhisik yaiku rahsa. Carane yaiku kanthi manthamantha dununge kabeh lan dilingguhake ing panggon sing samesthine, dingerteni lan dirasakake dununge. Sing dirasa durung pas ditata maneh kayadene ayang-ayang ing kaca sing kuwalik ing dhata (20). Sawise ngerti kalungguhane badan kasar lan badan alus sajrone awak banjur dilungguhake dhewe-dhewe. Rasane isih gumrenggeng, isih durung katon apa-apa, sarwa molah-malih amarga rasane manungsa isih menung-menung. Anggone madhep isih ana rasa nglakoni lan nggoleki.

### c. Nglungguhi Jagat Gumelar

Nglungguhi jagat gumelar yaiku gambaran lelakon uripe manungsa ing alam donya. Pengeran wis nyiptakake kabeh sing ana ing saindenge jadat raya jangkep saisine iki kanggo manungsa. Manungsa minangka wakile Pengeran ing donya kudu bisa nggunakake kabeh iku minangka dalan nuju kasampurnan. Manungsa uga nduweni kewajiban njaga kabeh iku supaya ora rusak. Nglungguhi jagat gumelar diperang dadi telu adhedhasar isine, yaiku wajibe urip, lelakone urip, lan ngelmu. Andharan lan jlentrehane kaya mangkene.

### 1) Wajibe Urip

Manungsa urip saliyané duweni hak uga duweni kewajiban marang awake dhewe, marang sasamane manungsa, sasamane titah, lan marang alam jagat raya. Manungsa wajib njaga lan ora kena ngrusak, kudu bisa memayu hayuning sasama, memayu hayuning bawana. Gegambarane ngenani wajibe urip sing diwulangake ing Ilmu Sejati kaya mangkene.

(21) Pikulen sing dhuwur pendhemen sing jero. (III/1)

Dhata tuturan (21) ing ndhuwur nggambarake kewajiban supaya ngormati lan njaga sangkane. Sing dipikul dhuwur yaiku asal kedadeyane lan sing dipendhem jero yaiku pepenginan sing bisa ngrusak lan nyasarake baline. Saliyané iku uga kudu mikul dhuwur wong tuwa sing minangka lantaran dumadine manungsa iu dhewe. Minangka tandha panuwune anak yaiku kudu bisa ngangkat drajate wong tuwane.



## 2) Lelakone Urip

Lakune urip nggambarake lelakone manungsa urip ing donya sing lumrahe dipindhakake kaya wong mampir ngombe, mung sedhela. Urip ing donya sing sedhela iki bakal nemtokake urip sabanjure ing alam kalanggengan. Gegambarane lakune urip ing alam donya ing Ilmu Sejati isbate mangkene.

(22) Kaya lakune wayang. (I/11)

Patang dhata tuturan mawa isbat iku mindhakake manungsa urip ing alam donya sing digambarake kayadene wayang sing lakune manut dhalange. Minangka wayang uga ora kena maido dhalang, sing ana mung nrima. Urip ing alam donya wis ginaris dening Pengeran. Manungsa mung saderma nglakoni utawa mung saderma nglungguhi gelar gulunge jagat saisine iki. Abot enteng utawa seneng susahe kudu tinampa kanthi eklase ati.

## 3) Ngelmu

Ngelmu karo ilmu miturut wong Jawa ora padha. Ilmu yaiku kawruh sing sumber saka olah panca indra yaiku kanthi ndeleng, ngrungu, ngambu, ngrasa, lan ngraita. Dene ngelmu bisa diolehi saka olah rasa saka ilmu utawa kawruh saka panca driya. Ngelmu lan ilu kekarone minangka paugeran uga kawruh cara kanggo dhasare lelakon. Ilmu Sejati yaiku kawruh laku sing bisa kanggo paugeran utawa tuntunane manungsa urip. Gegambarane ngelmu sajrone Ilmu Sejati digambarake dening informan mangkene.

(23) Kaya harta karun neng tengah alas. (IV/1)

(24) Kaya liwat dalan peteng nggawa senter. (I/16)

Elmu sing sejati bisa diolehi kanthi ati kang suci. Ilmu kasebut asale ora mung saka sekolah utawa panggon pamulangan liyane nanging uga bisa saka asil olah nalar lan olah rasa saka kedadeyan utawa samubarang sing ditrima saka panangkepe pancadriya. Ilmu sing kaya mangkene dipindhakake kayadene arta karun sing sumimpen ing tengah alas. Ora kabeh wong bisa nemokake, gumantung sepira anggane nggatekake utawa anggane maspadakake sing sarwa sinamun iku.

## Asile Panliten

Ing perangan iki bakal diandharake asile panliten ngenani implikatur konvensional simbolik sajrone pamejangan kanthi isbat tumrap warga Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati ing Kutha Surabaya. Cara nggoleki implikatur konvensional simbolik dipantha dadi loro yaiku saka konteks cara mejang uga wujud wejangane. Saka konteks tuturan pamejangan kasebut bisa didudut implikasine panutur. Pamejangan minangka tintak tutur kang asipat informatif, mligine bab hakikat, mula kanggo nggoleki implikasine kudu ngerti carane

mejangake ilmu hakikat kasebut lan ngerteni wujud uga isi wejangane. Implikasine didudut saka nggathukake carane mejang lan wujud wejangane kasebut.

Konteks sajrone implikatur bisa dipantha dadi loro yaiku carane mejang lan wujud wejangane. Dene carane mejang lan wujud wejangane bisa diprinci maneh. Carane mejang (tindak tutur mejang) adhedhasar andharan lan jlentrehan ing ndhuwur yaiku medhar, mbeber, ndunungake, merdeni, nulat, nuladhani, nyantrik, mrentah, lan nyritani. Dene wujud wejangan yaiku wujud basa utawa struktur gramatikale lan isi utawa samubarang sing dituturake.

Implikatur konvensional simbolik sajrone pamejangan kanthi isbat tumrap warga Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati ing Kutha Surabaya bisa didudut adhedhasar konteks carane mejang lan wujud wejangane. Carane mejang ing kene digunakake dening panutur gumantung karo apa sing diwejangake (isi) marang warga perguruan.

Konteks adhedhasar wujud wejangan ana loro yaiku wujud basa sing digunakake lan isi wejangane. Wujud wejangan adhedhasar wujud yaiku awujud ukara isbat. Ukara isbat minangka salah sijine golongan teges entar sing isine mindhakake hakikate samubarang tawa perkara tartamtu. Adhedhasar surasane wujud ukara isbate yaiku awujud ukara pepindhan, ukara pakon, lan ukara crita. Ukara pepindhan yaiku ukara sing isine ngibaratake samubarang utawa perkara karo samubarang utawa perkara liyane, wujud rakitan ukarane nganggo tembung entar utawa nganggo pangiket pepindhan; 'kaya' lan 'kayadene'. Ukara pakon yaiku ukara prentah kanggo nglakoni pakaryan, kalebu prentah ora oleh nglakoni utawa menging. Dene ukara crita yaiku ukara sing isine medhar gagasan tartamtu. Dene wujud wejangan adhedhasar isine diperang dadi telu yaiku sangkan parane dumadi, dununge kawula-Gusti, lan nglungguhi jagat gumelar.

## Dhiskusi Asile Panliten

Andharan, jlentrehan, lan asil panliten ing nduwur didhiskusekake karo panliten sing tema lan topike padha uga lan karo konsep-konsep utawa teori sing wis diandharake sajrone bab loro ing ngarep. Punjere panliten iki yaiku ngenani wujud lan isine Implikatur konvensional simbolik sajrone pamejangan kanthi isbat tumrap warga Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati ing Kutha Surabaya. Dhiskusi iki tujuwane kanggo nglarasake asile panliten karo teori sing dienggo. Dene panliten sadurunge sing tema utawa topike padha bakal dienggo tetandhingan asil panlitene.

Wujud Implikatur konvensional simbolik sajrone pamejangan kanthi isbat tumrap warga Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati ing Kutha Surabaya adhedhasar

asil panliten ing ndhuwur diperang dadi loro, yaiku wujud basa lan isine pamejangan. Wujud basane yaiku ukara isbat sing wujud ukara pepindhan. Dene isine yaiku mindhakake sangkan paran, kawula-Gusti, lan nglungguhi jagat gumelar. Carane mejang lan wejangan kasebut didadekake konteks kanggo nggoleki apa sing dikarepake panutur, yaiku implikature, mligine implikatur konvensional simbolike. Wujud lan isie tuturan sing ndhapuk implikatur kasebut laras karo panemune Horn lan Ward, (2006:4) menawa wujud implikatur didhapuk saka wujud struktur gramatikale tuturan. Dene isine implikatur bisa didudut saka apa sing dituturake dening panutur.

Implikatur sing ana didudut adhedhasar apa sing wis gumathok, sing sinurat utawa sumurat sajrone tembung pamangune ukara tuturan. Amarga implikatur konvensional sajrone pamejangan ing panliten iki asipat simbolik (awujud ukara isbat), mula antarane panutur lan mitra tuture kudu padha-padha ngertine. Sing dadi konvensi yaiku ilmu hakikat kang disimbolake kanthi cara dipindhakake. Anggone nyundhukake simbol lan apa sing disimbolake kanthi cara nggoleki tembung sing dadi punjer banjur dilarasake karo carane mejang lan wejangan (wujud lan isi). Tembung sing dadi punjer iki miturut Clark lan Haviland (delengen Leech, 1993:141) diarani *bridging assumption* utawa anggapan sing dadi wot.

Wujud basa sajrone wejangan ing panliten iki yaiku dhapukan utawa pamangune ukara sing mujudake ukara isbat. Wujud ukarane diwangun saka dhapukan tembung entar lan anane pangiket pepindhan. Dene adhedhasar surasane yaiku awujud ukara pepindhan, ukara pakon, lan ukara crita. Dhapukan ukara isbat ing panliten iki beda karo tuladha-tulada ukara isbat kang digambarake dening Padmosoekotja, (tt:107-109), Endraswara (2006:69-72), lan Hariwijaya (2013:165-196), utawa kaya ukara isbat sing ana sajrone buku primbon, upamane bab saloka jati sajrone Kitab Primbon Atassadhur Adammakna (Noeradya, 2008:45-48). Ukara isbat sing digambarake dening ahli basa sajrone bukune kasebut wujud basa tulis (sastra), basane uga akeh sing nggunakake tembung basa Jawa klasik, upamane ukara isbat 'Bumi kapethak saebeting siti.', 'Kusuma anjrah ing tawang.', 'Bothok bantheng winungkus godhong asem kabitingan alu bengkong.', lan sapiturute. Ukara isbat ing panliten iki tinemu sajrone basa lisan (pamejangan), mula basa sing dianggo mindhakake (simbolisasi) wujud basa lumrah, upaane ukara 'Kayadene mbukak kran.', 'Kaya nyetel TV.', 'Kaya harta karun ing tengah alas.', lan sapiturute. Wujud tetep, yaiku ukara isbat, nanging basane luwih lumrah lan gampang dingerteni. Basa kasebut gumantung sapa panutur, apa maneh ing Kutha Surabaya, panggon panliten iki.

Wujud basa sajrone dhata pamejangan cundhuk karo sipate isbat, yaiku mindhakake samubarang utawa perkara, mula wujud dhapukane kabeh tujuwane kanggo mindhakake. Asil panliten iku beda karo wujud implikatur saliyaning sing ngemu surasa pepindhan. Kayadene panlitene Eko Redjo Sunariyanto (2008) sajrone tesise kanthi irah-irahan *Implikatur Percakapan dalam Dialog Politik Pemilihan Presiden dan Wakil Presiden*. Wujud implikatur sing ana sajrone dhalog iku awujud ukara tunggal lan ukara camboran. Ukara kasebut ngandhut frase aran, frase kriya, lan frase kahanan. Dhalog akeh-akehe wujud ukara carita sing nganggo basa lumrah, beda karo basa pamejangan sing nganggo isbat.

Wujud isi yaiku isi utawa apa sing dikarepake sajrone pawejangan mawa isbat ing Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati Surabaya. Implikasi sajrone pawejangan iku yaiku kanggo menahi weruh, menahi ngerti, lan minangka dhasar tumindak. Kabeh mau dicundhukake karo ilmu hakikat sing diwejangake. Implikasi pragmatis saben tindak tutur ora padha, gumantung tindak tutur apa sing dituturake. Senajan tindak tutur padha nanging kontekse beda, implikasi pragmatise uga beda. Upamane tindak tutur khotbah sing diteliti dening David Setya Nugraha (2014) kanthi irah-irahan *Implikatur dalam Khotbah di Gereja oleh Pendeta Philip Mantofa Periode Oktober—November 2013*. Implikasi pragmatise yaiku ngelingake, nuntun, lan nuturi manungsa. Implikasi sing kinandhut sajrone khotbah iku dijlentrehake adhedhasar topik sing padha saka sawenehe tuturan.

Antarane khotbah karo mejang nduweni jinis sing padha, yaiku klebu tindak tutur sing sipate informatif utawa menahi gegambaran tartamtu (laras karo andharane Ibrahim, 1993:27). Cara nuturake uga padha, yaiku ana wong siji minangka guru utawa pendheta lan ana wong akeh minangka murid utawa jemaat. Bedane khotbah lan mejang yaiku gumantung isi sing diwedharake. Khotbah isine kawruh umum bab sareat lan muamalat (tata laku), senajan kadang uga ngrembug bab hakikat, nanging ora ajeg. Khotbah beda karo mejang sing isine bab hakikat utawa lelakon kanggo nggayuh kasampurnan.

Implikatur konvensional sing kinandhut sajrone pamejangan ing Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati Surabaya iki asipat simbolik. Sipat simbolik ing kene amarga sajrone pamejangan iku nggunakake isbat. Isbat sing dianggo wujud ukara pepindhan, mula samubarang utawa perkara sing dipindhakake sajrone pamejangan iku wujud minangka simbol. Anane simbol ing kono kanggo nambahi andharan utawa jlentrehane penutur supaya bisa ditrima dening mitra tuture. Andharan iki beda lan nambahi panemune Muflikhul Jannah (2016) sajrone panlitene kanthi irah-irahan *Implikatur sajrone Lagu*

*Jawa Riptane Andjar Any.* Panlitene njlentrehake implikatur konvensional lan konversasional sing kinandhut sajrone lagu Jawane Andjar Any. Jannah ngandharake anane simbol sajrone implikature iku kanggo nuwuhake surasa kaendahan.

Basa sing dienggo sajrone tuturan lisan lan basa sastra (tulisan) mesthi wae ora padha. Basa lisan umume diwedharake kanthi langsung, salumrahe, lan umume ora nganggo rerenggan basa, beda karo basa sastra upamane sajrone lagu sing dadi materi panlitene Jannah ing ndhuwur. Anane simbol sing digunakake sajrone (tindak tutur) pamejangan tujuwane kanggo menahi gambaran supaya luwih cetha, laras karo sipate tindak tutur kasebut yaiku *informatif*. Beda karo simbol sing dienggo sajrone basa sastra (tulisan) sing sipate kanggo nuwuhake rasa kaendahan kaya sing diandharake Jannah ing ndhuwur.

## **PANUTUP**

Bageyan wekasan iki dijlentrehake dudutan minangka asil *inferensi* saka panliten iki lan pamrayoga kanggo panliten sabanjure. Andharan luwih jangkepe mangkene.

## **Dudutan**

Implikatur konvensional simbolik sajrone pamejangan kanthi isbat tumrap warga Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati ing Kutha Surabaya iki bisa didudut adhedhasar konteks carane mejang lan wujud wejangane. Carane mejang gumantung karo apa sing diwejangake (isi) bisa diperang dadi sanga, yaiku medhar, mbeber, ndunungake, merdeni, nulat, nuladhani, nyantrik, mrentah, lan nyritani. Wujud wejangan sing dianggo ing panliten iki yaiku awujud ukara isbat. Ukara isbat kasebut wujud nganggo basa sing lumrah, amarga saka basa lisan lan gumantung konteks panutur. Adhedhasar surasane wujud ukara isbate yaiku awujud ukara pepindhan, ukara pakon, lan ukara crita. Dene wujud wejangan adhedhasar isine diperang dadi telu yaiku sangkan parane dumadi, dununge kawula-Gusti, lan nglungguhi jagat gumelar.

Carane mejang lan wujud wejangane dianggo njlentrehake implikatur konvensional simbolik sing ana sajrone pamejangan nganggo isbat. Tembung sing sipate konvensional lan minangka simbol sing ana sajrone ukara pamejangan mawa isbat kasebut dicundhukake karo cara mejang lan wujud wejangane. Saka kono bisa diweruhi apa sing dikarepake wakil guru nalika mejang lan kepiye panampane murid sing diwejang.

Asil panliten iki adhedhasar panampa utawa implikasine mitra tutur (murid) sing nampa wejangan. Sipat konvensional sing ana sajrone panliten iki uga mung winates ing golongan warga Perguruan Ilmu Sejati wae.

Ilmu sing diwulangake isine yaiku bab hakikat, kudu wong sing wis tinarbuka ati lan pikire (murid) sing bisa ngerteni apa sing dikarepake. Dene sipat simbolike amarga implikature awujud ukara isbat sing sipate mindhakake samubarang utawa perkara tartamtu.

## **Pamrayoga**

Panliten ngenani implikatur konvensional simbolik sajrone pamejangan kanthi isbat tumrap warga Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati ing Kutha Surabaya iki isih durung sampurna. Dhata sing dijupuk sajrone panliten iki kanthi cara wawancara, amarga panliti dudu warga sing bisa melu kegiatan pamulangan. Mbok menawa panliten sabanjure bisa luwih nyampurnakake maneh dhata kasebut kanthi cara observasi langsung. Kanggo panliten sabanjure uga diajab bisa merang sipat konvensional lan sipat simbolik saka implikatur kasebut, luwih apik maneh yen bisa nemokake sesambungane tembung sing ndhapuk makna konvensional saka implikature. Ukara isbat ing panliten iki uga bisa dijlentrehake luwih jero maneh nggunakake teori liya, upamane filsafat mligine filsafat Jawa.

## **KAPUSTAKAN**

- Antunshono, 1960. *Reringkesaning Paramasastra Djawa*. Yogyakarta: Soejadi.
- Black, Elizabeth. 2011. *Stilistika Pragmatis (edhitor jarwan dening Abdul Syukur Ibrahim lan Kartika Rini)*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Bratakeswa. 1954. *Falsafah Siti Djenar*. Surabaya: Jajasan Penerbitan Djojo Bojo.
- Brown, Penelope lan Levinson, Sephen C. 2003. *Politness: Some Universals in Language Usage*. New York: Cambridge University Press.
- Djajasudarma, T. Fatimah. 2010. *Metode Linguistik: Ancangan Metode Penelitian dan Kajian*. Bandung: Refika Aditama.
- Direktorat Kepercayaan terhadap Tuhan Yang Maha Esa, 2006. *Ensiklopedi Kepercayaan terhadap Tuhan Yang Maha Esa*. Jakarta: Direktorat Jendral Nilai Budaya Seni dan Film.
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Mistik Kejawen: Singkretisme, Simbolisme, dan Sufisme dalam Budaya Spiritual Jawa*. Yogyakarta: Narasi.
- Fatchurrahman, Ali Mas'ud. 2014. *Implikatur Percakapan dalam Dialog Interaktif pada Acara Kakek-Kakek Narsis di Trans TV*. Unesa: Skripsi ora diterbitake.



- Fetterman, David M. 2010. *Ethnography: step by step*. California: Sage Publications, Inc.
- Furqon, Ahmad. 20013. *Implikatur wonten ing Wacana Dhat Nyeng Kalawarti Djaka Lodhang Warsa 2013*. UNY: Skripsi ora diterbitake.
- Geertz, Clifford. 1989. *Abangan, Santri, Priyayi dalam Masyarakat Jawa (dijarwakake dening Aswad Mahasin)*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Kridalaksana, harimurti. 2008. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Hariwijaya, M. 2013. *Semiotika Jawa: Kajian Makna Falsafah Tradisi*. Yogyakarta: Paradigma.
- Hartmann, R.R.K. lan Stork, F.C. 1973. *Dictionary of language and linguistics*. London: Applied Science Publishers.
- Horn, Laurence R. lan Ward, Gregory (ed). 2006. *The Handbook of Pragmatics*. United Kingdom: Blackwell Publishing Ltd
- Ibrahim, Abd. Syukur. 1993. *Kajian Tindak Tutur*. Surabaya: Usaha Nasional.
- Jannah, Muflikhul. 2016. *Implikatur sajrone Lagu Jawa Riptane Andjar Any*. Unesa: Skripsi ora diterbitake.
- Koentjaraningrat. 1994. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Lappin, Shalum (ed). 1996. *The Handbook of Contemporary Semantic Theory*. USA: Blackwell Publishers.
- Leech, Geoffrey. 1993. *Prinsip-Prinsip Pragmatik (dijarwakake Indonesia dening M.D.D. Oka)*. Jakarta: UI Press.
- Mahsun. 2014. *Metode Penelitian Bahasa: Tahapan Strategi, metode, dan tekniknya*. Jakarta: Rajawali Press.
- Nadar, F.X. 2009. *Pragmatik & Penelitian Pragmatik*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Noeradya, Siti Woeryan Soemodiyah. 2008. *Kitab Primbon Atassadhur Adammakna*. Yogyakarta: Soemodidjojo Maha Dewa.
- Nugraha, David Setya. 2013. *Implikatur dalam Khotbah di Gereja oleh Pendeta Philip Mantofa Periode Oktober—November 2013*. Unesa: Skripsi ora diterbitake.
- Padmosoekotjo, S. tt. *Ngengrengan Kasusastran Djawa*. Yogyakarta: Hien Hoo Sing.
- \_\_\_\_\_. 1987. *Paramasastra Jawa*. Surabaya: PT Citra JayaMurti.
- \_\_\_\_\_. 1956 *Sarine Basa Djawa*. Jakarta: Noordhoff-Kolff N.V.
- Partojuwono, 1957. *Serat Wedharan Wirid Jilid I*. Surabaya: Jajasan Penerbit Djojo Bojo.
- \_\_\_\_\_. 1994. *Serat Wedharan Wirid Jilid II*. Surabaya: Yayasan Penerbitan Jaya Baya.
- \_\_\_\_\_. tt. *Ilmu Khak Sejati & Qun Fayakun (Wedaran Wirid III)*. Surabaya: Citra Jaya Murti.
- Poerwadarminta. W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: N.V. Groningen.
- Santosa, Imam Budi. 2012. *Spiritualisme Jawa: Sejarah, Laku, dan Inti Ajaran*. Yogyakarta: Memayu Publishing.
- Soenarto. 1971. *Sasangka Djati*. Surakarta: Paguyuban Ngesti Tunggal.
- Subagyo. 2009. *Titi Ukara Basa Jawa*. Surabaya: Bintang.
- Sudaryanto. 1988. *Metode Linguistik Bagian Kedua: Metode dan Aneka Teknik Pengumpulan Data*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- \_\_\_\_\_. 2015. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa: Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan secara Linguistik*. Yogyakarta: Sanata Dharma University Press.
- Sudaryanto lan Pranowo (ed). 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres bahasa Jawa
- Sugiyono. 2011. *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D*. Bandung: Alfabeta
- Sunariyanto, 2008. *Implikatur Percakapan dalam Dialog Politik Pemilihan Presiden dan Wakil Presiden*. Pascasarjana Unesa: Tesis ora diterbitake.
- Syafiyullah, Ainul. 2012. *Tuturan Berimplikatur Percakapan dalam Dialog Karikatur Surya Puool Harian Surya Edisi Juni-November 2011*. Unesa: Skripsi ora diterbitake.
- Suseno, Franz Magnis. 2006. *Menalar Tuhan*. Yogyakarta: Kanisius.
- Tanpa nama. 1980. *Serat Jatimurti*. Surabaya: Yayasan UP Djojo Bojo.

- \_\_\_\_\_. 1988. *Wedhatama Winardi*. Surabaya: PT Citra Jaya Murti
- \_\_\_\_\_. 1995. *Serat Madurasa*. Surabaya: Yayasan Djojo Bojo.
- Tanojo. 1954. *Ronggowarsito: Wirid Hidajat Djati*. Surabaya: Trimurti.
- \_\_\_\_\_. 1985. *Wirid Ma'lumat Jati Ranggawarsita*. Solo: Sadu Budi.
- Tanpoaran, 1988. *Sangkan Paraning Dumadi*. Surabaya: Yayasan Djoyo Bojo.
- Tarigan, Henry Guntur. 2009. *Pengajaran Pragmatik*. Bandung: Angkasa.
- Titscher, Stefan, Ikk. 2009. *Metode Analisis Teks & Wacana (dijarwakake dening Gazali Ikk)*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Widjana, I. Dewa Putu. 1996. *Dasar-Dasar Pragmatik*. Yogyakarta: Andi.
- Wirjoatmodjo. 1979. *Tuntunan Samadhi*. Surabaya: CV Citra Jaya.
- Yule, George. 2014. *Pragmatik (dijarwakake dening Indah Fajar Wahyuni)*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Yuwono, Prapto. 2012. *Sang Pamomong: Menghidupkan Kembali Nilai-Nilai Luhur Manusia Jawa*. Yogyakarta: Adiwacana.

